

DEPATMAN SANTE ETA YORK
(NEW YORK STATE DEPARTMENT OF HEALTH)
BIWO ENTÈVASNYON POU TIMOUN PITI
(BUREAU OF EARLY INTERVENTION)

AVI POU PARAN KONSÈNAN ASIRANS

Nan Eta New York, yo dwe bay fanmi yo sèvis entèvasnyon pou timoun piti gratis. Men, nan sistèm peman Eta New York la pou Pwogram Entèvasnyon pou Timoun Piti (Early Intervention Program , EIP) an, yo itilize asirans piblik (tankou Medicaid ak Child Health Plus) ak asirans prive (tankou CDPHP, UHC, elatriye) pou ranbousman pou sèvis entèvasnyon pou timoun piti. Sous finansman enpòtan sa yo ede sekirize sèvis entèvasnyon pou jenerasyon timoun piti k ap vini yo.

Selon Lwa Sante Piblik la, ajans ki ofri sèvis entèvasnyon pou timoun piti yo gen obligasyon pou voye fakti yo bay asirans piblik ak asirans prive pou sèvis entèvasnyon pou timoun piti yo avan yo voye fakti bay minisipalite ou a pou peye. Yo ap voye fakti bay asirans prive yo si kontra asirans ou a dwe konfòme ak Lwa Eta New York, oswa ak konsantman ou si kontra asirans ou a pa dwe konfòme ak Lwa Eta a.

Asirans Medicaid ak Asirans Prive:

Si fanmi ou gen pwoteksyon asirans prive ansanm ak asirans piblik (Medicaid), yo ap voye reklamasyon pou peman pou sèvis entèvasnyon pou timoun piti bay konpayi asirans prive ou avan, epi se sèlman rès lajan ki rete a yo ap voye mande asirans piblik ou (Medicaid) peye. Si pitit ou gen pwoteksyon Medicaid, ou te bay konsantman pou voye fakti bay nenpòt pwoteksyon asirans prive ki disponib pou pitit ou pou sèvis entèvasnyon pou timoun piti kòm yon pati aplikasyon enskripsyon Medicaid la. Yo ap voye fakti bay plan asirans pitit ou a pou sèvis entèvasnyon pou timoun piti yo, epi ou p ap bezwen bay plis konsantman si asirans pitit ou a dwe konfòme ak Lwa Asirans Eta New York (State Insurance Law, SIL). Nou ap bezwen konsantman ou pou voye fakti bay plan asirans prive pitit ou a si plan gen asirans konplè a epi li dwe konfòme la Lwa Asirans Eta New York.

Y ap Bezwen Pran Nimewo Asirans ak Nimewo Sekirite Sosyal:

Selon Lwa Sante Piblik Eta New York la (Public Health Law, PHL),

- Kowòdonatè sèvis ou a gen obligasyon pou li pran, epi ou menm ou gen obligasyon pou ou bay, enfòmasyon ak dokiman konsènan pwoteksyon asirans pitit ou, ki gen ladan asirans piblik ak asirans prive. Enfòmasyon sa yo gen ladan yo: kalite kontra asirans ak plan avantaj sante, non konpayi asirans la oswa administratè plan an, nimewo idantifikasyon kontra asirans la oswa nimewo idantifikasyon plan an, kalite pwoteksyon ki nan kontra a ak nenpòt lòt enfòmasyon nou bezwen pou voye fakti bay asirans ou. Kowòdonatè sèvis ou pral eksplike ou dwa ak responsablite ansanm ak pwoteksyon ou menm ak fanmi ou genyen selon lwa a. [PHL§2543(3); PHL§2559(3)(a)(i)]
- Ajan Entèvasnyon pou Timoun Piti ou a gen obligasyon pou li pran, epi ou gen obligasyon pou ou bay, nimewo sekirite sosyal ak nimewo sekirite sosyal pitit ou a. N ap kenbe enfòmasyon sa yo yon fason sekirize ak konfidansyèl. [PHL§2552(2)]

Kontra Asirans Eta New York Kontwole:

Lwa Sante Piblik Eta New York (PHL) ak Lwa Asirans Eta New York (SIL) garanti pwoteksyon sa yo pou plan asirans Eta New York kontwole yo, lè yo itilize asirans piblik ak asirans prive pou peye pou sèvis entèvansyon pou timoun piti yo.

- 1. Fanmi ou pral jwenn sèvis entèvansyon pou timoun piti pitit ou bezwen yo gratis.** Yo pa gen dwa mande pou ou peye okenn bagay ak lajan nan pòch ou, tankou franchiz ak kotizasyon, pou okenn sèvis pitit ou oswa fanmi ou resevwa nan Pwogram Entèvansyon pou Timoun Piti a. Ajan Entèvansyon pou Timoun Piti a pral fè aranjman pou peman tout kotizasyon ak dediktib. [PHL§2557(1); PHL§2559(3)(b)]
- 2. Yo entèdi konpayi asirans yo konte okenn avantaj yo peye pou sèvis entèvansyon pou timoun piti sou okenn limit ("plafon") maksimòm anyèl oswa pou lavi.** Sa vle di nenpòt peman konpayi asirans ou fè pou sèvis entèvansyon pou timoun piti pa ap diminye total pwoteksyon asirans fanmi ou. [PHL§2559(3)(c); SIL§3235-a(b)]
- 3. Yo entèdi konpayi asirans yo mete okenn sèvis entèvansyon pou timoun piti yo te peye sou limit randevou nan kontra ou la.** Sa vle di randevou Entèvansyon pou timoun piti asirans ou ranbouse ou pa ka diminye kantite randevou ki disponib pou pitit ou ak fanmi ou pou swen sante. [SIL§3235-a(b)]
- 4. Sèvis entèvansyon pou timoun piti yo ki disponib pou pitit ou ak fanmi ou pa pral limite sèlman ak sa asirans ou garanti.** Ajan Entèvansyon pou Timoun Piti a ap asire pitit ou jwenn sèvis entèvansyon pou timoun piti ki apwopriye yo, menm si asirans ou pa garanti sèvis sa yo oswa si ou pa gen asirans. [PHL§2552(1)]
- 5. Konpayi asirans sante ou pa ka koupe oswa pa renouvle** pwoteksyon asirans sante ou sèlman paske pitit ou ap resevwa sèvis nan Pwogram Entèvansyon pou Timoun Piti a. [SIL§3235-a(d)]
- 6. Konpayi asirans sante ou pa ka ogmante prim asirans sante ou sèlman paske pitit ou ak fanmi ou ap resevwa sèvis nan Pwogram Entèvansyon pou Timoun Piti a.**
- 7. Kalifikasyon pitit ou pou pwogram egzanpsyon nan kay ak nan kominote pa p afekte** paske ou itilize asirans sante piblik (tankou Medicaid) pou peye pou sèvis entèvansyon pou timoun piti yo. Menm si w ap resevwa sèvis entèvansyon pou timoun piti sa p ap anpeche ou patisipe nan pwogram egzanpsyon nan kay ak kominote yo.
- 8. Yo dwe ba ou sèvis entèvansyon pou timoun piti nan Individualized Family Service Plan (IFSP) ou a menm si ou pa gen pwoteksyon asirans prive oswa asirans piblik.** Yo pa ka egzije w pou ou gen pwoteksyon asirans sante kòm yon kondisyon pou w patisipe nan Pwogram Entèvansyon pou Timoun Piti a, malgre kowòdonatè sèvis ou a kapab ede ou ak referans ak aplikasyon pou jwenn avantaj piblik si ou vle. [PHL§2552(1); PHL§2559(1)]
- 9. Si se pa Eta New York ki kontwole asirans prive ou a,** (tankou travay ou gen pwòp asirans pa li) epi sa t ap koute fanmi ou si ou ta itilize asirans prive a (tankou yo t ap pèdi avantaj yo), plan asirans ou a **pa** ap voye fakti amwenske ou bay yon konsantman alekri pou fè sa. [PHL§2559(3)(a)]

Kontra Asirans Eta New York pa Kontwole:

Si se pa Eta New York ki kontwole plan asirans ou a, pwoteksyon yo ki nan Lwa Asirans Eta ak Lwa Sante Piblik yo p ap gen pou wè ak plan asirans ou a. Nan sikonstans sa yo:

1. Yo kapab entèdi konpayi asirans ou konte sèvis entèvansyon pou timoun piti sa yo sou limit pou lavi ak limit anyèl lajan yo oswa entèdi yo diminye kantite randevou k ap disponib.
2. Yo p ap ka entèdi konpayi asirans ou koupe oswa pa renouvle pwoteksyon asirans sante ou paske pitit ou ap resevwa sèvis EIP.
3. Yo p ap ka entèdi konpayi asirans ou ogmante prim asirans ou paske pitit ou ap resevwa sèvis EIP.

Konsantman Alekri:

W ap oblije bay yon konsantman alekri pou kontakte plan asirans sante ou a (si se pa Eta New York ki kontwole li) pou ede peye pou sèvis entèvansyon pou timoun piti yo. Si ou decide ou pa vle bay pèmisyon ekri pou Pwogram Entèvansyon pou Timoun Piti a pou voye fakti bay plan asirans sante ou a, yo oblije ba ou sèvis ki nan IFSP ou a kanmenm.

[PHL§2552(1)]

- Si yon paran te bay yon konsantman eklere alekri pou itilize asirans eta a pa kontwole pou peman pou sèvis EIP, kowòdonatè yo dwe pran yon nouvo konsantman eklere alekri nan men paran an nan chak evalyasyon / rankont chak 6 mwa ak nenpòt lè gen yon ogmantasyon (nan kantite fwa, kantite tan, ak nivo) sèvis yo bay nan IFSP a. [34 CFR §303.420(a)(3); §303.520(b)(1)(i)]

Si ou decide bay pèmisyon alekri ou pou kontakte asirans sante ou pou peye pou sèvis entèvansyon pou timoun piti, ap gen pwoteksyon sa yo pou ou:

1. **Fanmi ou pral jwenn sèvis entèvansyon pou timoun piti ou bezwen yo gratis.** Yo pa pral mande pou ou peye okenn bagay ak lajan nan pòch ou, tankou franchiz ak kotizasyon, pou okenn sèvis pitit ou oswa fanmi ou resevwa nan Pwogram Entèvansyon pou Timoun Piti a. Ajan Entèvansyon pou Timoun Piti a pral fè aranjman pou minisipalite a peye tout kotizasyon ak dediktib. [PHL§2557(1); PHL§2559(3)(b)]
2. **Sèvis entèvansyon pou timoun piti yo ki disponib pou pitit ou ak fanmi ou pa pral limite sèlman ak sa asirans ou garanti.** Ajan Entèvansyon pou Timoun Piti a pral asire li pitit ou jwenn sèvis entèvansyon pou timoun piti ki apwopriye yo, menm si asirans ou pa garanti sèvis sa yo. [PHL§2552(1)]

Sibwogasyon:

Lwa Sante Piblik Eta New York bay minisipalite a ak jans la dwa 'sibwogasyon' pou ranbousman anba kontra asirans ou a, depi minisipalite a te peye pou sèvis entèvansyon pou timoun piti osa ajans la te bay sèvis kontra asirans ou a garanti. [PHL§2559(3)(d); SIL§3235-a(c)] Sa vle di nenpòt lè konpayi asirans la eseye peye pou sèvis entèvansyon pou timoun piti, se ajans entèvansyon pou timoun piti a li dwe peye dirèkteman. Si yo ta peye ou pa aksidan, tanpri kontakte ajans entèvansyon pou timoun piti ak / oswa kowòdonatè sèvis ou pou w konnen sa pou ou fè ak pou yo ede ou. Sa enpòtan pou asire ajans ou a touche pou sèvis entèvansyon pou timoun piti pitit ou ak fanmi ou resevwa.

Dwa pou swiv pwosesis ki etabli yo:

Paran yo gen dwa pou ou patisipe nan pwosedi pwosesis ki etabli yo pou regle dezagreman oswa plen konsènan sèvis entèvansyon pou timoun piti yo. Dwa pou swiv pwosesis ki etabli yo gen ladan opòtinite pou medyasyon, mande yon odyans pwosesis ki etabli, ak / oswa opòtinite pou depoze yon plent nan sistèm eta a. Tout opsyon sa yo se sèlman si yon paran vle epi yo p ap koute li anyen. [34 CFR §303.431, §303.436, §303.441, §303.434; PHL §2549; 10 NYCRR Seksyon 69-4.17]

- Medyasyon se yon pwosesis yon medyatè nan yon Sant Rezolisyon Dispit Kominotè dirije epi li kapab ede paran ak Ajan Entèvansyon pou Timoun Piti yo jwenn yon akò konsènan sèvis entèvansyon pou timoun piti yo.
- Odyans san Patipri yo se ajans odyans (jij lwa administratif Manm Komisyon Sante a oswa reprezantan li nonmen) epi yo itilize yo pou rezoud dezagreman ant yon paran ak Ajan Entèvansyon pou Timoun Piti tou. Paran yo kapab mande yon odyans san patipri si yon evalyatè twouve pitit yo pa kalifye pou sèvis depi demann nan fè nan 6 mwa oplita apre dat yo te twouve pitit la pa kalifye a.
- Paran yo kapab depoze yon plent sistèm si yo kwè EIO, kowòdonatè sèvis, evalyatè a, oswa ajans sèvis yo p ap fè travay li selon lwa, règ, ak regleman yo. Plent sa a dwe fèt alekri ak Direktè Biwo Entèvansyon pou Timoun Piti nan Depatman Sante Eta New York la epi yo dwe voye li nan pi piti pase yon (1) ane ape dat vyolasyon y ap akize a.

Si ou gen ou gen kesyon konsènan enfòmasyon ki nan avi sa a, tanpri mande kowòdonatè sèvis ou oswa Ajan Entèvansyon pou Timoun Piti a, oswa rele oswa imèl Depatman Sante Eta New York, Biwo Entèvansyon pou Timoun Piti nan 518-473-7016 oswa beipub@health.ny.gov.

DEPATMAN SANTE ETA YORK (NEW YORK STATE DEPARTMENT OF HEALTH)
BIWO ENTÈVASNYON POU TIMOUN PITI (BUREAU OF EARLY INTERVENTION)

ENSTRIKSYON POU RANPLI FÒM ENFÒMASYON KONSÈNAN ASIRANS TIMOUN NAN

Enfòmasyon Asirans Timoun nan:

Nan Eta New York, yo dwe bay fanmi yo sèvis entèvasnyon pou timoun piti gratis. Men, nan sistèm peman Eta New York pou Pwogram Entèvasnyon pou Timoun Piti (Early Intervention Program, EIP) an, yo itilize asirans piblik (tankou Medicaid ak Child Health Plus) ak asirans prive (tankou CDPHP, Empire Plan, elatriye) pou ranbousman pou sèvis entèvasnyon pou timoun piti. Anba Lwa Sante Piblik Eta New York la (New York State Public Health Law, PHL), kowòdonatè sèvis ou a gen obligasyon pou li pran, epi ou menm ou gen obligasyon pou ou bay, enfòmasyon ak dokiman konsènan pwoteksyon asirans pitit ou, ki gen ladan asirans piblik ak asirans prive. Enfòmasyon sa yo gen ladan yo: kalite kontra asirans ak plan avantaj sante, non konpayi asirans la oswa administratè plan an, nimewo idantifikasyon kontra asirans la oswa nimewo idantifikasyon plan an, kalite pwoteksyon ki nan kontra a ak nenpòt lòt enfòmasyon nou bezwen pou voye fakti bay asirans ou. Kowòdonatè sèvis ou dwe eksplike ou dwa ak responsablite ansanm ak pwoteksyon ou menm ak fanmi ou genyen selon lwa a.

Lè pou w ranpli fòm sa a:

- Kowòdonatè sèvis ou kapab ede ou ranpli fòm sa a.
- Tanpri asire ou fòm nan ranpli nèt epi enfòmasyon ou mete yo kòrèk.
- Si pitit ou gen de (2) oswa plis kontra asirans sante, ou dwe bay enfòmasyon pou chak kontra asirans. (gade egzanp yo ki anba la a)
 - Si pitit ou gen de (2) diferan kontra asirans, ou pral mete enfòmasyon pou toulède kontra yo.
 - Si pitit ou gen Medicaid ak yon asirans prive, ou pral mete Nimewo Idantifikasyon Medicaid Pitit la (Medicaid Child Identification Number, CIN) ak enfòmasyon asirans prive a.
 - Si pitit ou gen Swen Kowòdone Medicaid, nou pral mete Nimewo Idantifikasyon Medicaid Pitit la (CIN) ansanm ak enfòmasyon konpayi asirans Swen Kowòdone Medicaid la nan seksyon enfòmasyon asirans la.
 - Si pitit ou gen Swen Kowòdone Medicaid ak yon asirans prive, ou pral mete Nimewo Idantifikasyon Medicaid Pitit la (CIN), enfòmasyon konpayi asirans Swen Kowòdone Medicaid la, ak enfòmasyon kontra asirans prive a.
- Kowòdonatè sèvis la dwe verifye enfòmasyon asirans sa a nan chak rankont/evalyasyon Plan Sèvis Fanmi Endividalize (Individualized Family Service Plan, IFSP). Ou dwe siyen fòm sa a nan chak rankont/evalyasyon IFSP pou konfime asirans ou pa te chanje. Si asirans ou chanje, w ap bezwen ranpli yon nouvo fòm.
- Tanpri di kowòdonatè sèvis ou sa nenpòt lè pitit ou gen chanjman nan pwoteksyon asirans li.

Deklarasyon Paran Pou Timoun ki pa Gen Asirans (si li pa gen asirans)

- W ap bezwen ranpli ak siyen deklarasyon sa a si pitit ou pa gen pwoteksyon asirans sante.
- W ap bezwen siyen yon nouvo deklarasyon nan chak rankont/evalyasyon IFSP (amwenske pitit ou vin gen pwoteksyon asirans).
- Si pitit ou pa gen asirans, I ap toujou resevwa sèvis EIP gratis.
- Pitit ou pa bezwen gen asirans sante pou li resevwa sèvis EIP yo, men kowòdonatè sèvis ou a dwe ede ou jwenn ak aplike pou asirans sante pitit ou kapab kalifye pou li.

Tanpri kontakte sèvis kowòdonatè ou a si ou gen nenpòt kesyon lè w ap ranpli fòm sa a.

DEPATMAN SANTE ETA YORK (NEW YORK STATE DEPARTMENT OF HEALTH)
BIWO ENTÈVASNYON POU TIMOUN PITI

ENFÒMASYON KONSÈNAN ASIRANS TIMOUN NAN

Non/ Dat Nesans li: _____ Sèks li: gason fi

Enfòmasyon Konsènan Asirans Prensipal li :

Non Konpayi Asirans / Plan an: _____

Adrès Faktirasyon Konpayi Asirans lan: _____

No. Kontra / Idantifikasyon: _____

No. ID Manm Timoun nan (si diferan): _____

Gwoup: _____

Non Mèt Kontra a : _____ Sèks Mèt Kontra a: gason fi

Dat Nesans Mèt Kontra a : _____

Adrès Mèt Kontra a : _____

No. Telefòn Mèt Kontra a: _____

Sa Mèt Kontra a ye pou timoun nan _____

Lòt Asirans (si genyen):

Non Konpayi Asirans / Plan an _____

Adrès Faktirasyon Konpayi Asirans: _____

No. Kontra / Idantifikasyon: _____

No. ID Manm Timoun nan (si diferan): _____

Gwoup: _____

Non Mèt Kontra a: _____ Sèks Mèt Kontra a: gason fi

Dat Nesans Mèt Kontra a: _____

Adrès Mèt Kontra a: _____

No. Telefòn Mèt Kontra a: _____

Sa Mèt Kontra a ye pou timoun nan : _____

No. Idantifikasyon Kliyan Medicaid (CIN) (si genyen): _____

(2 lèt, 5 chif, 1 lèt)

Siyati Paran / Responsab Legal

Dat

Depi paran an siyen sa vle di li konfime enfòmasyon asirans ki nan dosye a kòrèk.

Revizyon enfòmasyon asirans nan IFSP 6 mwa:	dat _____	pa gen chanjman _____	siyati paran _____
Revizyon enfòmasyon asirans nan IFSP 12 mwa:	dat _____	pa gen chanjman _____	siyati paran _____
Revizyon enfòmasyon asirans nan IFSP 18 mwa:	dat _____	pa gen chanjman _____	siyati paran _____
Revizyon enfòmasyon asirans nan IFSP 24 mwa:	dat _____	pa gen chanjman _____	siyati paran _____
Revizyon enfòmasyon asirans (lòt):	dat _____	pa gen chanjman _____	siyati paran _____

DEKLARASYON PARAN POU TIMOUN KI PA GEN ASIRANS (si li pa gen asirans)

Non Timoun: _____ Dat Nesans Timoun: _____

Mwen rele _____ (tanpri ekri non ou an lèt detache) epi mwen se paran ak / oswa responsab legal timoun non li anwo a. Mwen deklare nan dat jodiya pitit sa a pa gen okenn pwoteksyon asirans sante. Mwen konpran kowòdonatè sèvis Pwogram Entèvasnyon pou Timoun Piti ki responsab dosye pitit mwen an dwe ede mwen jwenn ak aplike pou asirans sante pitit mwen kapab kalifye. Mwen konprann tou, pitit mwen sipoze gen asirans sante pou li kapab resevwa sèvis Pwogram Entèvasnyon pou Timoun Piti yo.

Siyati Paran / Responsab Legal

Dat